

## Enfòmasyon pou **PWOGRAM "PAROLE" KI BAZE SOU SIPÒTÈ POU KIBEN, AYISYEN, NIKARAGWEYEN AK VENEZYELYEN (CHNV)** pou sipòtè ak benefisyè nan New Jersey

Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, venezyelyen ki vini nan kad pwogram "parole" ki baze sou sipòtè depatman sekirite enteryè Etazini te anonse a, kalifye pou yo antre nan pwogram avantaj ak pwogram èd sa yo:

Resous ki disponib **pou tout benefisyè** pwogram CHNV ki baze sou sipòtè a

 Èd ak sipò ki disponib	 Kote pou w aplike oswa pou w jwenn èd
<b>Pou kat sekirite sosyal ak otorizasyon travay</b>	Vizite <a href="https://www.uscis.gov/CHNV">https://www.uscis.gov/CHNV</a>
<b>Timoun ki pa ko gen 19 lane yo ka aplike pou NJ FamilyCare kèlkeswa estati imigrasyon yo.</b>	Aplike sou entènèt nan <a href="http://www.njfamilycare.org">www.njfamilycare.org</a>
<b>Asistans pou manje ak nitrisyon pou fanm ansent ak timoun rive 5 lane – Pwogram Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infant and Children, WIC)</b>	Aplike nan yon ajans lokal, jwenn lis la sou <a href="http://www.nj.gov/health/fhs/wic/participants/apply-wic/">www.nj.gov/health/fhs/wic/participants/apply-wic/</a>
<b>Sante mantal ak Sipò Emosyonèl</b>	Rele <b>1-866-202-4357</b> pou w pale ak yon pwofesyonèl kalifye
<b>Asistans Jiridik</b>	Pou w ka jwenn yon lis avoka ki espesyalize nan imigrasyon ki tou pre ou, ale sou <a href="https://www.justice.gov/eoir/file/ProBonoNJ/download">https://www.justice.gov/eoir/file/ProBonoNJ/download</a>

**REMAK** - Menm lè tout benefisyè ki antre nan pwogram ki baze sou sipòtè a ka mande otorizasyon travay ak nimewo sekirite sosyal, Nikaragweyen ak Venezyelyen ki nan pwogram "parole" la pa kalifye nan moman sa pou avantaj ak sèvis refijye ORR finanse yo.





Jwenn plis enfòmasyon sou sa a nan do a

## Enfòmasyon pou **PWOGRAM "PAROLE" KI BAZE SOU SIPÒTÈ POU KIBEN, AYISYEN, NIKARAGWEYEN AK VENEZYELYEN (CHNV)** pou sipòtè ak benefisyè nan New Jersey

Rès

Resous **SÈLMAN** pou Kiben ak Ayisyen ki nan pwogram "parole" la

 Èd ak sipò ki disponib	 Kote pou w aplike oswa pou w jwenn èd
<b>Asirans sante nan New Jersey atravè pwogram NJ FamilyCare a (Medicaid)</b>	Aplike sou entènèt nan <a href="http://www.njfamilycare.org">www.njfamilycare.org</a>
<b>Asistans Lajan Kach pou Refijye (Refugee Cash Assistance, RCA) - Asistans Lajan Kach pou moun ki pa gen timoun sou kont yo</b>	Pou w enskri nan pwogram RCA ki pi pre w la, kontakte <a href="mailto:njor.info@rescue.org">njor.info@rescue.org</a> or call <b>917-561- 3327</b> .
<b>Asistans pou Manje – NJSNAP</b>	Aplike sou entènèt oswa atravè Konsèy Sèvis Sosyal Konte lokal ou a, lis aplikasyon yo ak lis biwo lokal yo disponib sou entènèt nan <a href="http://www.njsnap.gov">www.njsnap.gov</a>
<b>Asistans lajan ak lwaye pou fanmi ki gen timoun- TANF</b>	Aplike sou entènèt <a href="http://www.mynjhelps.gov">www.mynjhelps.gov</a> oswa atravè konsèy sèvis sosyal konte lokal ou a

*Eliziblite pou avantaj piblik (TANF, Medicaid, ak SNAP) yo gen ladan l faktè finansye ak lòt faktè ki pa finansye tankou estati imigrasyon elijib. Eliziblite pou sa ki konsène imigrasyon pou moun ki nan pwogram "humanitarian parole" la ap rete valab toutotan yo toujou nan pwogram nan epi l ap rete jiskaske pwogram nan fini sof si lalwa modifye sa a oswa si moun nan jwenn yon lòt estati imigrasyon ki elijib. Tanpri verifye kondisyon eliziblite yo sou entènèt.*

### Pou w aprann plis sou pwogram CHNV a tanpri ale sou:

- Paj entènèt pwogram USCIS pou Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, ak Venezyelyen yo <https://www.uscis.gov/CHNV> ki pale sou kijan pou w aplike pou yon otorizasyon travay ak jwenn yon kat sekirite sosyal.
- Vizite nou sou [newamericans.nj.gov](http://newamericans.nj.gov) pou plis enfòmasyon.
- Si w gen nenpòt kesyon, voye yon imel ba nou sou [NJRefugeeProgram@dhs.nj.gov](mailto:NJRefugeeProgram@dhs.nj.gov)